



Pou Piblikasyon Imedya: 14/11/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE METWO VIL NEW YORK ATENN YON MILYA VWAYAJÈ ANE SA A

Etap franchi 6 semèn pi bonè pase ane 2022 a

Gade [video](#) ak [foto](#) konferans pou laprès k ap anonse milyadyèm pasaje tren an

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a Otorite Transpò Metwopoliten an te atenn yon milya vwayajè nan tren Vil New York la an 2023. Yo te idantifye milyadyèm kliyan an pandan Brian Jones ki soti nan Teaneck, New Jersey, ki te konekte nan sistèm tren an nan estasyon 175 St A a 10:54 a.m. Etap sa a franchi sis semèn pi bonè pase ane pase, lè tren an te atenn yon milya vwayajè nan dat 27 desanm.

"Nou te fè envèstisman istorik pou amelyore sèvis ak sekirite nan Tren yo, ankouraje plizyè milyon pasaje antre nan sistèm lan chak jou", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Atenn mak yon milya vwayaj la byen avan ane pase a se yon temwayaj travay nou an, epi mwen kontan wè nou bat rekò pasaje semèn apre semèn."

Pasaje nan tren yo kontinye ap grandi an 2023. Semèn pase a, yo te fè plis pase 23 milyon vwayaj nan tren yo, yon ogmantasyon uit pousan nan menm semèn lan an 2022.

Direktè Pwovizwa Sèvis Kliyan MTA, Shanifah Rieara, te deklare, "Li trè bon pou nou selebre etap ke nou franchi chak ane kantite pasaje yo deplizanpli bonè epi se plis prèv ke kliyan yo tounen vin nan metwo a pou mennen yo kote yo bezwen ale. Li pi fasil pase avan pou w monte nan tren an ak OMNY paske pi plis kliyan ap konekte."

Prezidan Transpò an Komen Vil New York (New York City Transit, NYCD) la, Richard Davey, te deklare, "Nou deja fè gwo pwogrè nan bay sèvis pi rapid, pi pwòp, ak pi an sekirite epi kliyan yo te reponn lè yo te chwazi pran tren an yon milya fwa ane sa a nan yon vitès pi vit pase ane pase. Mwen pa ka tann pou m fè plizyè milyon lòt vwayaj anvan fen ane 2023."

Milyadyèm pasaje Metwo a, Brian Jones, te deklare, "Sa a se te yon lòt entwodiksyon nan tren an pou mwen. Mwen fèk pran yon nouvo wòl isit la nan New York, mwen te travay vityèlman pou twa dènye ane yo, kidonk se te bèl pou m retounen nan fen eka sa a epi pou m wè mwen ka itilize kat debi mwen an epi franchi tounikè a.

Mwen soti New Jersey, mwen ka kanpe epi pran yon tas kafe nan tèminal anwo a anvan mwen ale nan reyinyon mwen yo, kidonk metwo an te toujou yon pati nan jounen mwen epi li pral kontinye rete yon pati nan jounen mwen an, epi li trè bon pou fè eksperyans amelyorasyon sa yo pandan vwayaj la ap kontinye."

Jones te resevwa yon kat OMNY ki gen yon valè 100 dola, mayo OMNY, pwodui pou netwayaj vè kat metwo NYCT ak yon bouton OMNY.

Sistèm peman tarif OMNY Otorite Transpò Metwopoliten (Metropolitan Transportation Authority, MTA) an te fè genyen tou yon ogmantasyon nan itilizasyon an 2023, epi li te rive nan yon milya kat nan dat 26 jiyè. Pousantaj mache pou tikè metwo OMNY nan tarif konplè kounye a nan nivo 73 pousan.

Kliyan yo eksprime apwobasyon yo pou OMNY, sa ki ba li yon pousantaj satisfaksyon 79 pousan nan dènye Sondaj sou Kantite Kliyan Prentan 2023 a. Kliyanyo te pase kat yo nan tout 472 estasyon metwo yo epi anbake sou 204 wout bis lokal ak 31 bis eksprès. Nan 195 peyi ki bay kat bankè yo, OMNY te trete yon kat nan chak ladan yo.

OMNY sipòte tou kliyan Tarif Redui ki pare pou sèvi ak aparèy entelijan yo, oswa kat bankè san kontak pou konekte epi ale. Nou ankouraje kliyan Tarif Redui yo pou yo fè chanjman byen fasil soti nan MetroCard sou entènèt pou pase nan asistan dijital OMNY, ki disponib 24/7 nan OMNY.info.

Y ap raple pasaje yo pou reponn [Sondaj sou Kantite Kliyan Otòn 2023](#) pou fè tandè vwa yo. Kliyan yo ka patisipe [isit la](#).

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)